*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

**ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»**

**№ 14 (6843) * 13 АПРЕЛЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 25 ШАВАЛ 1447 с. ***

РАЙАДМИНИСТРАЦИЯЛДА ДАНДЕЛЪИ

## ТIабигIияб балагьалда хурхун

**Дагъал церегIан къоязда районалъул администрациялда тIобитIана гьалагал ралел ругел цIадазда хурхун кколел ругел балагьазул гIадамазе кколел заралал дагь рукIунеб къагIидаялде гьаризе бегьулел тадбирал гьариялда хурхараб данделъи.**



Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер М. ТIагьировас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировас, районалъул бетIерасул заместитель А. Маликовас, МЧСалъул, Роспотребнадзоралъул, районалъул жанисел ишазул отделалъул вакилзабаз, районалъул росабазул администрациябазул бутIруз ва администрациялъул жавабиял хIалтIухъабаз. Гьоркьоб лъун хал гьабуна районалда бугеб ахIвал – хIалалъул ва гьелда хурхун гьаризе бегьулел хIалтIабазул. Гьениб гьединго кIвар буссине гьабуна районалъул гIадамазул хIинкъи гьечIолъи цIуниялде ва гьеб тIаде кколел хъулухъазда гьел хIадурлъиялде.

ЦIакьго кIудияб кIвар буссине гьабуна гьекъолеб лъел качество чIезабиялде. Гьелда хурхун хIукму гьабуна гьекъолеб лъел качество цIикIкIиналъе гьекъолеб лъеда гьоркьобе хлор жубазе. ЦIалдохъабазе хIисабалде босун буго гьализе гьабураб яги шишаяхъ бичулеб лъим чIезе гьабизе. Данделъиялъул хIасилалда къуна чIванкъотIрал тIадкъаял росабазул бутIрузе ва жавабиял хъулухъазе. Гьелда хадуб чIезе гьабизе буго сордо – къоялъулаб бербалагьи.



ЛЪАЗАБИ

### ХIурматиял районцоял!

Дагъистан Республикаялъул Энергетикаялъул ва тарифазул министерствоялъул хIукмуялдалъун хисизе гьарун руго жалго бетIергьанал минабазул гIадамаз бухIараб токалъухъ кьолеб гIарцул къагIида.

Гьелда рекъон чIезе гьарун руго гьадинал багьаби:

**Отопительныяб гуреб периодалда – 2026 соналъул 1 маялдаса 2026 соналъул 31 октябралде щвезегIан.**

1 квт – 2400 квт
– 2,80 гъурущ цо квт.
2400 квт – 3800 квт
– 3,51 гъурущ цо квт.
3800 квт ва тIаде
– 8,74 гъурущ цо квт.

**Отопительный периодалъ 2026 соналъул 1 январалдаса 2026 соналъул 30 апрелалде щвезегIан.**

1 квт – 3,900 квт
– 2,80 гъурущ цо квт.
3,900 квт – 6000 квт
– 3,51 гъурущ цо квт.
6000 квт ва тIаде
– 8,74 гъурущ цо квт.

## Н. Кураевасулгун дандчIваялда

**Районалъул администрациялда тIобитIана сахлъи цIуниялъул министрасул заместитель Наби Кураевасухъе обращениялгун гIадамал къабул гьариялъул дандчIвай. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Хьаргаби районалъул бетIер М.ТIагьировас ва ЦРБялъул бетIерав тохтур ГI. МухIамадовас.**



ДандчIваялда цере росарал батIибатIиял суалазе мухIканаб бербалагьи гьабуна гьениб. Суалазул хасаб бутIа СВОялъул гIахьалчагIазда хурхараб ккана. Гьедин, медицинаялъул хасаб кумек къваригIун вачIарав СВОялъул гIахьалчи, Н. Кураевасул тIадкъаялда рекъон къокъаб заманалда жаниб республикаялъул клиникаялда сах гьавизе хIисаб гьабуна.

РукIана обращениял Хьаргаби ЦРБялда хIалтIизе росиялда хурхарал. Баянлъана жакъа къоялде ЦРБялда хIалтIухъабазе вакансияби гьечIолъи ва хIалтIи хIажатал специалистал резервалда хIисаб гьабун тун рукIин.

Гьеб сияхIалдаги тIоцебесе иргаялда СВОялъул гIахьалчагIазул цересел гIагарлъиялъул чи руго. Абизе ккола, жакъа къоялде щвезегIан ЦРБялде хIалтIизе росун руго СВОялъул гIахьалчагIазул хъизамаздаса 14 чи.

Цойги, тIубазе рагIи къураб суаллъун ккана мобильнияб ФАП, диспансеризация гьабизе кколел ва хадубехун хал гьабизе кколел гIадамал ругел росабалъ хIалтIизе лъезе.

Цебе босана суал районалъул сахлъи цIуниялъул объектазда РФялъул законалда рекъон оптимизация гьабиялъул. Гьедин, МагIлиб участковияб больницаялда гьабуна капиталиб ремонт. Гьелъул хIасилалда, гIадамазе гьабулеб медицинаялъул кумек гьабиялъе шартIал лъикIлъизаруна.

Кидаго бегIерго цебе чIараблъун буго дараби гьечIолъиялъул суал. Хас гьабун, гьеб суалгун вачIарав чиясда бичIчIизабуна больницаялда гьесие къваригIараб цIаралда гьоркь бугеб препарат гьечIеблъи ва гьелъго гIадин пайда кьолеб, амма батIияб цIаралда гьоркь бугеб дару гьесие бигьалъиялда рекъон дарабаз ккезариялъул хIисабалда кьезе рес букIин. Аслияб къагIидаялъ, дандчIвай пайдаяб хIалалда ана.

# Тренерзабазул данделъи

**Гьал къоязда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана мугIрузул территориялияб округалъул тренерзабазул сообществаялъул данделъи.**

Тадбир гIуцIана Дагъистан Республикаялъул спорталъул министерствоялъ ва Дагъистаналъул пачалихъалъулаб университеталъул координационияб централъ, районалъул администрациялъул кверчIваялдалъун.

Аслияб тема букIана спорталъул кумекалдалъун гIолилазе тарбия кьеялъул, миллатазда гьоркьоб цолъи цIикIине гьабиялъул мурад ва экстремизмаялде данде профилактика гьабиялъул. Тренерзабаз бицана цоцада жидерго бугеб хIалбихьиялул, гьединго кьуна методическиял рекомендациял.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул спорталъул министрасул заместитель ва олимпиялъул хIаязул чемпион ХI.ХIайдарбековас, Дагъистаналъул пачалихъалъулаб университеталъул координационияб централъул нухмалъулев ва АТКялъул экспертнияб советалъул гIахьалчи М.МухIамадовас, «Знание» филиалалъул директор Ш.Крумовас ва цогидазги.

ХI.ХIайдарбеговас лъикIаблъул бихьизе гьабуна спорталъ рижизарулеблъи къуваталги, щулияб, рухI бугел гIадамал гьезул къуватги, жанги гIун бачIунеб гIел битIараб нухда хьвадиялъе, гьезие тарбия кьеялъе хIалтIизабиялде тренерзабазги спортсменазги кIвар кьезе ккей.

М. МухIамадовас тIадчIей гьабун бицана тренерзабазул лъураб бутIа букIиналъул тарбия кьеялъулъги ва миллатазда гьоркьор цолъиялъулги. Крумовас кIвар кьуна рухIияб тарбия кьеялде.

Данделъи букIана пайдаяблъун ва хадубехун хIалтIул хIалбихьи цоцае бикьиялъе квербакъиялъе пайда ккараблъун.





## 2025 соналда районалъул депутатазул Собраниялъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировасул

# ХIИСАБ

**2025 соналда ахIана районалъул депутатазул Собраниялъул 7 сессия, гьездасан 3 иргадулаб гуреб. Гьениб гьоркьоблъун хал гьабуна 71 суалалъул. АхIана депутатазул Собраниялъул президиумалъул 5 данделъи, кидагосел комиссиязул 7 данделъи. Гьенир гьоркьор лъун хал гьабуна социалиялгун экономикиял, бюджеталъул политикаялъул, лъайкьеялъул суалал.**

Аслияб къагIидаялда районалъул депутатазул Собраниялъ хIалтIи гIуцIун букIана район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезабиялда хурхун нормативиябгун ихтияралъулаб база щула гьабиялда тIад.

ГIемерал суалал рукIана бакIалъулаб самоуправлениялда, культураялда ва спорталда хурхун. Кинабго районалъул депутатазул Собраниялъул хIалтIи гIуцIун букIана щибаб соналъ лъагIалил байбихьуда тасдикъ гьабулеб планалда хурхун. Кидагосеб бербалагьиялда гьоркь букIуна районалъул бюджет тасдикъ гьаби ва гьеб тIубазе гьабиялда хадуб бербалагьи гьаби.

2025 соналъул 20 марталда къабул гьабураб №33 Федералияб «Об общих принципах организации местного самоуправления в единной системе публичной власти» законалъул кьучIалда рекъон къабул гьабуна цIияб редакциялда рекъон муниципалияб районалъул Устав.

Районалъул депутатазул Собраниялъул аслияб нормативиябгун ихтияралъулаб акт ккола районалъул бюджет. Араб соналда жаниб районалъул бюджет гьоркьоб лъун хал гьабуна районалъул депутатазул Собраниялъул кIиго сессиялда, тIадежураял ва хиса – басиял 6 сессиялда.

Районалъул депутатазул Собраниялъул регламенталда рекъон щибаб соналъ сессиялде босула районалъул бетIерасул, районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулесул, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулесул, районалъул администрациялъул контролиябгун хIисаб кьеялъул гIуцIиялъул нухмалъулесул хIисаб кьеял.

Районалъул гIадамазул интересал цIунизелъун районалъул депутатазул Собраниялъул сессиялда рорхана социалил рахъазул суалал, гьезда гьоркьоб:



- Хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулезул тIадеги гарантиял кьеялъул.
- Районалъул территориялда гIумру гьабулел ругел цо бутIаялъул гIадамазе жанир чIезе минаби къуралъухъ бигьалъаби чIезе гьариялъул хIакъалъулъ.
- Районалъул резервалъул фонд гIуцIиялъул ва гьениб бугеб гIарац харж гьабиялъул хIакъалъулъ.

Щибаб соналда районалъул депутатазул Собраниялъул сессиялда гьоркьоблъун хал гьабула районалъул администрациялъул, районалъул Собраниялъул, контролиябгун хIисабалъул палатаялъул структурабазул суалал.

Районалъул депутатазул Собраниялъул бербалагьиялда гьоркь кидаго букIуна коммуналиял магIишатазул хасалиде хIадурлъиялъул суал.

Хасаб рагъулаб операция тIобитIулеб букIиналда хурхун, районалъул администрациялъул бетIерасул рекомендациялда рекъон хIукму гьабуна хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулезе кьолеб цонухалъулаб харж 400 азарго гъурущалде бахине гьабизе.

Районалъул депутатазул Собраниялъул хIалтIул цо бутIалъун ккола жидерго суалалгун рачIарал гIадамал къабул гьари, гьезул гIарзалда рекъон депутатазул запрос гьаби. Гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи районалъул депутатазул гIодобегIанаб даражаялда буго.

Районалъул депутатазул собраниялъул сессияби тIоритIана тIаде дандрекъон кколел хъулухъаздаса гIадамалги ахIун, районалъул депутатазул Собраниялъул Регламентги цIунун, планалда рекъон.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер М. ТIагьировас, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат Ж. Нажмудиновас, районалъул росабазул бутIруз, учреждениязулгун организациязул нухмалъулез. Районалъул депутатазул Собраниялъул щивасда тIадаблъун гьабун буго сессиялда гIахьаллъи гьабизе. Араб соналда гьоркьохъеб къагIидаялда сессиялда гIахьаллъи гьабуна 80% депутатаз. Гьеб къадар дагьаб гьечIо, сессия тIобитIизе кворум гIола. Амма киназдаго ракIалда букIине ккола районалъул Уставалда районалъул депутатазул Собраниялъ гьадинаб хиса – баси гьабун букIин «Анлъго моцIалда жаниб гIилла гьечIого районалъул Собраниялъул депутатас сессиялде вачIин гьоркьоб къотIизе тун бугони районалъул Собраниялъул хIукмуялдалъун гьев чи махIрум гьавула депутатасул полномочияздаса». Гьеб нормаялъ рес кьола депутатасул хIалтIулъ цодагьабгIаги низам бачIине гьабизе.

Бокьун буго ракI – ракIалъулаб баркала загьир гьабизе районалъул бетIер М. ТIагьировасе, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Ж. Нажмудиновасе, районалда гьоркьосеб прокуратураялъе, районалъул жанисел ишазул отделалъе, районалъул бетIерасул заместителазе, учреждениязулгун организациязул нухмалъулезе районалъул гIадамазул рукIа – рахьин борхизе гьабизе гIоло цадахъ рекъон гьабулеб бугеб хIалтIухъ.

**2025 соналда районалъул депутатазул Собраниялъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировасул хIисабкьеялъул докладалдасан къокъ гьабун.**

# Гъабураб кумек кирилъун хъваги



**Дунялалдаго рагIана нилъер Дагъистаналде тIаде бачIараб тIабигIияб балагьалъул хIасилал. Жакъа къоялде, жидерго магIишаталдаса ратIалъарал, рукIине бакI гьечIел росу жамагIатазе кумек къваригIун буго дагьабниги, гIумру гьабиялъе ресал кьолел.**

Дагъистан тун къватIисацин халкъалъул гIемераб кумек тIаде бачIунеб буго.

Нилъер Хъаргаби районги кидаго ахIуд рахъине лъикIал гIадамал ругеб бакI буго. Гьале гьанжеги, лъеца гьанкъарал росабазе гуманитарияб кумек бакIариялъе бараб ахIиялъухъе, райцентралда параялъ гIадамаз садакъа бакIарана. Хъаргаби жаниб, гьединаб къай бакIаризе лъабго бакIалда машинаби лъун рукIана: районалъул администрациялда, больницаялда цере ва годекIаниб.

Гьенибе босулеб букIана ретIел, постель, тIад разе одеялаби ва цойги цIакъго хIажатаб алат-къайи.

Цадахъго, рес букIана гIарцулаб рахъалъ кумек гьабизеги. ГIолилал васал - волонтеразул къокъаялъ кIудияб бутIа лъуна гьенибги. ГIолохъабаз жигарчилъи бихьизабуна росулъе жанибе бачIунеб нухда, кьодухъ гIарац бакIариялъе.

БакIарараб гIарцул 520 азарго гъурущги, ункъго газель цIураб къайиги росдал дибир ГI. ГIумархIажиев цадахъ Хъаргабиса гIолилазул къокъагун щвана Мамедхъалаялде.

Гьелде тIадеги 920 литра бензиналъулги кьуна гьенибе.

Аллагьас киназулго садакъа азариде бахинабун къабул гьабун батаги. ГIодоблъиялда ругезда бихьараб гIадинаб балагьалдаса нилъ цIунаги. Нилъ цIакъ хьихьун руго Аллагьас.

Баракат лъеги нилъер жамагIаталда. АМИН



РЕКIЕЛГЪЕЯЛЪЕ ЦIАЛЕ !

## *ГIадамазда релъанхъуге!*

**Цогидазда велъанхъулеб гIамал чиясулъ бижула гьесда живго цогидаздаса цIакъав - тIокIавлъун вихьизе лъугьараб мехалъ. Хадуб гьес байбихьула цогидал рикIкIинчIого гьаваялдасан кIалъазе.**

Цогидазда велъанхъулев чиясулъ чIухIи, пахрулъи загьирлъула, жиндирго каламалдалъун гьес диналъул вац хIакъир гьавула. ЧIухIикибру, цогидал хIакъир гьари хIарамаб жо ккола.

ГIайибал къватIир чIвазарун тIад релъанхъиялъ чиясул къадру хвезабула. Релъанхъула цогиясул рагъари, кIалъай такрар гьабунги, яги ишараялдалъун. ГIайшатица (р. гI.) бицун буго цо нухалъ жинца цо пуланав чиясул калам такрар гьабураб мехалъ Аварагас абунилан: «Валлагьи! Дие бокьилароан каламалъулъ цоги чиясда релъленлъи гьабизе, гьелъухъ дие мухь кьунигицин».

Цогиял хIакъир гьарулел гIадамазе Ахираталда гIакъуба букIине буго.

ХIасан аль-Басриясдасан бицун буго цогидазда релъанхъулел гIадамазда цере Алжаналъул каваби рагьизе ругилан, «РачIа! РачIа!» - янги ахIун. ЖужахIалъуса къватIиреги рахъун, гьел Алжаналъул рагьдухье щвараб мехалъ каваби къазе ругилан. Гьедин букIине бугила гьез, хьул къотIун, Алжаналъул кавабазде аскIоре къазего инкар гьабизегIан. МугIаз бин Жабалидасанги (р.гI.) бицана Аварагас абунилан: «Жинца тавбу гьабураб мунагьалдалъун диналъул вацасда бадибчIвай гьабун щив вугониги, гьединабго мунагь жинца гьабичIого гьев чи хвеларо», - ян.

Нилъеда дандчIвала гIадамазул лъабго батIияб тайпа: нилъедасаго цIикIкIарал, нилъедасаго гьитIинал ва гIелбащадал. ЦIикIкIарал дандчIвараб мехалъ нилъер рекIелчIей букIине ккола гьел нилъедасаго лъикIал рукIиналда, гьез нилъедаса цебе байбихьидал лъикIал гIамалал гьаризе. ГIисинал дандчIвараб мехалъги ккола гьел нилъедасаго лъикIал рукIиналда рекIелчIей букIине нилъер, нилъеца мунагьал – хатIаби гьаризе гьездаса цебе байбихьидал. ГIелбащадал дандчIвараб мехалъги нилъеда дол нилъедасаго лъикIаллъун рихьизе ккола, нилъерго мунагьазул хIакъалъулъ цогиязда лъаларебги лъалелъул нилъеда.

ГIадамазда велъанхъулев, гьелда жаниб щибниги хIарамлъи бихьуларев чийин абуни кIудияб мунагь гьабулев чи вуго. ГIадамал инжит гьаризе, гьезул къадру - къимат гIодобегIан гьабизе бегьуларо.

Аллагьас битIараб нухде ккезареги нилъ, мунагьаздаса рикIкIалъизе тавфикъги кьеги! Амин!

## *Дудасанго байбихье*

Цо нухалъ ГIабдуллагь бину ГIаббасихъе вачIун цо чияс абула:

- Дие бокьун буго гIадамал лъикIалде ахIизе, квешалдаса гьел цIунизе. Бокьун буго гьезие насихIат гьабизе, - ян.

- Байбихьанищха дуца гьеб гьабизе? - ян гьикъула гьесда Ибну ГIаббасица.

- Жеги байбихьичIо, амма ният буго.

- ЦIакъ лъикI. Амма Къуръаналъул лъабго аяталъ мун суризавиларедухъ цIодорлъи гьабе.

- Кинаб лъабго аят? - илан гIажаиблъула гьев чи.

ТIоцебесеб аяталда буго (магIна): **«Унго – унгойищ нуж лъугьинел гIадамал лъикIалде ахIизе, нужгоги кIочон?»** (Бакъара, 2/44). Дур ракI чIолищ гьаб аят дуде хитIаб гьабураб гьечIолъиялда?

- ЧIоларо. КIиябилеб аят кинаб?

- КIиабилеб аят буго (магIна): **«Я гьал жидеца иман лъурал! Щай нужеца бицунеб нужецаго гьабулареб? Жинцаго гьабулареб бицунев чиясдехун Аллагьасул рокьукълъи кIудияб буго»** (Ас-Саф. 61/2-3). Гьаб аяталда жинда бадибчIвай гьабулел гIадамазде гьоркьове мунго унарин абизе кIолищ дуда?

- КIоларо. Бокьилаан лъабабилеб аяталъухъги гIинтIамизе.

- Лъабабилеб аяталда буго жиндирго халкъалдехун ШугIайб - аварагас (гI.с.) хитIаб гьарурал рагIаби (магIна): **«Дие бокьун гьечIо нужедаса батIиявлъун вукIине ва дица нужее гьабизе гьукъулеб дицаго гьабизе»** (Гьуд, 11/88). Гьединав вугищ мун?

- Валлагь, вугин абизе кIолеб гьечIо.

- Батани, дудасанго байбихье, цогидазе вагIза-насихIат хадуб гьабе, - ян абула гьесда Ибну ГIаббасица.

* * *

Абу Мусадасан (р.гI.) бицун буго Аварагас абунилан: «Щивав чиясда тIадаб буго садакъа кьезе». Цо асхIабас гьикъула: «Кьезе щибго гьечIев чияс щиб гьабилеб?» - илан. Аварагас абула: «Жиндирго квераз хIалтIеян абе, жиндиего пайдаги букIине садакъаде кьезеги тIокIлъизе». Дов чияс гьикъула: «Я Расулаллагь, гьесда гьеб гьабизе кIвечIони?» Аварагас абула: «Биччанте захIматаб хIалалде ккарасе квербакъизе», - ян. «Гьебги гьабизе бажарулеб гьечIони?» - ян гьикъула дов чияс. «Гьебмехалъ лъикIалдалъун амру гьабеян, квешаб гьабиялдаса рикIкIалъеян абе, гьебги садакъалъун букIина», - ян абула Расулуллагьас.

# Гунибская межрайонная прокуратура разъясняет

## 5. МЕДИЦИНА ФАРМАЦЕВТИКА

Введен в действие механизм софинансирования расходов субъекта РФ по обеспечению граждан лекарственными препаратами для лечения орфанных заболеваний (01.01.2026)

Реализовано Постановление Конституционного Суда РФ от 26.09.2024 N 41-П.

Речь идет о дополнительном механизме обеспечения граждан зарегистрированными в установленном порядке на территории РФ лекарственными препаратами для лечения заболеваний, включенных в перечень жизнеугрожающих и хронических прогрессирующих редких (орфанных) заболеваний, приводящих к сокращению продолжительности жизни граждан или их инвалидности.

По общему правилу обеспечение граждан названными лекарственными препаратами осуществляет субъект РФ, однако в случае невозможности такого обеспечения (при подтверждении данного факта в порядке и на основании критериев, установленных Правительством РФ) субъект РФ получит межбюджетные трансферты из федерального бюджета на софинансирование необходимых расходов.

(Федеральный закон от 23.07.2025 N 252-ФЗ)

## 6. ЖКХ

В случае нарушения гарантирующим поставщиком или сетевой организацией обязанностей по установке, замене и допуску к эксплуатации прибора учета электроэнергии стоимость коммунальной услуги по электроснабжению для потребителя будет определяться с применением понижающего коэффициента 0,95 (01.01.2026)

Указанный коэффициент применяется при определении стоимости коммунальной услуги по электроснабжению в случае получения гарантирующим поставщиком (сетевой организацией) обращения потребителя, в том числе через исполнителя, о неисполнении (ненадлежащем исполнении) соответствующих обязанностей гарантирующим поставщиком (сетевой организацией) и неустранении указанных в обращении нарушений в течение 30 календарных дней со дня его получения гарантирующим поставщиком (сетевой организацией) начиная с расчетного периода, следующего за расчетным периодом, в котором было получено указанное обращение потребителя до начала расчетного периода, в котором установленный прибор учета допущен в эксплуатацию.

(Постановление Правительства РФ от 06.05.2011 N 354)

## ОТЧЕТ ОБ ИСПОЛНЕНИИ БЮДЖЕТА АМО "ЧАЛДА"

### *1. Доходы бюджета*

| Наименование показателя | Код строки | Код дохода по бюджетной классификации | | | | итого |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | | | | 8 |
| Доходы бюджета — всего | 010 | × | | | | **3629 575,21** |
| в том числе: | | | | | | |
| | 010 | 001 | 0000000000 | 0000 | 180 | 461 402,17 |
| Налог на доходы физических лиц с | 010 | 001 | 1010201001 | 1000 | 110 | 95 384,62 |
| Налог на доходы физических лиц с | 010 | 001 | 1010203001 | 1000 | 110 | 1,05 |
| Налог на доходы физических лиц в | 010 | 001 | 1010208001 | 1000 | 110 | 314,50 |
| Налог на имущество физических | 010 | 001 | 1060103010 | 1000 | 110 | 75 268,21 |
| Земельный налог с организаций, | 010 | 001 | 1060603310 | 1000 | 110 | 430,00 |
| Земельный налог с физических | 010 | 001 | 1060604310 | 1000 | 110 | 59 729,56 |
| Доходы, получаемые в виде | 010 | 001 | 1110502510 | 0000 | 120 | 470 060,00 |
| Дотации бюджетам сельских | 010 | 001 | 2021500110 | 0000 | 150 | 100 000,00 |
| Дотации бюджетам сельских | 010 | 001 | 2021600110 | 0000 | 150 | 1248 000,00 |
| | 010 | 001 | 2022004110 | 0000 | 151 | 821 680,00 |
| Прочие субсидии бюджетам | 010 | 001 | 2022999910 | 0000 | 150 | 45 005,10 |
| Субвенции бюджетам сельских | 010 | 001 | 2023511810 | 0000 | 150 | 185 300,00 |
| Прочие безвозмездные | 010 | 001 | 2030509910 | 1000 | 150 | 70 000,00 |
| Возврат прочих остатков субсидий, | 010 | 001 | 2196001010 | 0000 | 150 | -3 000,00 |

### *2. Расходы бюджета*

| Наименование показателя | Код строки | Код расхода по бюджетной классификации | | | | | итого |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | | | | | 9 |
| Расходы бюджета — всего | 200 | × | | | | | **3 484052,86** |
| в том числе: | | | | | | | |
| зарплата и начисление | 200 | 001 | 0102 | 99900 | 2001С | 121 | 603 407,00 |
| Взносы по обязательному | 200 | 001 | 0102 | 99900 | 2001С | 129 | 13 344,00 |
| зарплата и начисление | 200 | 001 | 0104 | 99900 | 2003С | 121 | 697 454,00 |
| Взносы по обязательному | 200 | 001 | 0104 | 99900 | 2003С | 129 | 16 447,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и | 200 | 001 | 0104 | 99900 | 2003С | 244 | 126 200,00 |
| Специальные расходы | 200 | 001 | 0107 | 99400 | 2002Ц | 880 | 144 633,00 |
| зарплата и начисление | 200 | 001 | 0203 | 99800 | 51180 | 121 | 119 120,00 |
| Взносы по обязательному | 200 | 001 | 0203 | 99800 | 51180 | 129 | 36 480,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и | 200 | 001 | 0203 | 99800 | 51180 | 244 | 29 700,00 |
| Закупка товаров, работ и услуг в | 200 | 001 | 0409 | 15300 | 20760 | 243 | 497 000,00 |
| Закупка товаров, работ и услуг в | 200 | 001 | 0409 | 15405 | 20760 | 243 | 607 680,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и | 200 | 001 | 0412 | 99009 | 4000М | 244 | 49 258,86 |
| Закупка энергетических ресурсов | 200 | 001 | 0503 | 99400 | 2601Л | 247 | 27 157,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и | 200 | 001 | 0503 | 99400 | 2602Л | 244 | 29 990,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и | 200 | 001 | 0503 | 99400 | 2605Л | 244 | 110 000,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и | 200 | 001 | 0503 | 99400 | 2606Л | 244 | 56 500,00 |
| Фонд оплаты труда учреждений | 200 | 001 | 0801 | 99009 | 2440Д | 111 | 262 032,00 |
| Взносы по обязательному | 200 | 001 | 0801 | 99009 | 2440Д | 119 | 7 650,00 |
| Прочая закупка товаров, работ и | 200 | 001 | 1101 | 99400 | 2512Б | 244 | 50 000,00 |

*Цо гIакъилаб рагIиялъ*
*гIадлуялде рачуна*

*Цо тIамураб кициялъ*
*канал берал рагъула*

***Инхоса ГIали-хIажияв***

## Авар кицаби ва абиял

Гъабулеб кверзухъе билълъаги, кунеб рекIехъе билълъаги (Гъабулелъе квер битIаги, кунелъе чехь битIаги).

Гьакил бетIергьанасул бакъаналда рекъонила гьелда рекIарас кечI ахIизе кколеб.

Гьакил юк чодаги лъоге, чол гьир хIамидаги баге.

Гьакълил рокъоб чехьги къай, чияр рокъоб берги къай.

Гьалмагъ кьучIав ккве, гьудул божарав ккве.

Гьаниб батараб те, доба батараб ккве.

ГьарудичIони, кваналаро, квалквадичIони букIунаро.

Гьекъезе лъан, гьекъе, кваназе лъан кванай.

Гьелегьараб цIаялдасаги цIунаги, щвараб гIоралдасаги цIунаги.

Гьереси, лъороб къазабуниги, къватIибе баккула; хиянат, хабалъ букъаниги, тIаде баккула.

Гьересияв дагIбадулас ганчIидаги цIулан абулебила.

Гьерсида кIиго бетIер букIунебила: цояб цIорол, цояб къохьол; бакъ щвейгун, цIоролаб биунебила, цIад байгун, къохьолаб хIеккунебила.

Гьерсидаги битIаралдаги гьоркьоб цо кверчIвай гурони гьечIебила.

Гьерсие нух - къваридаб, битIаралъе - гIатIидаб.

Гьерсил гор горбода барав, мацIил хъаба хъатикь ккурав.

ГьетIараб тIилалъул битIараб рагIад букIунареб.

Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.
Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.
*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 9 апреля 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00